



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MITAN PANDEMI COVID-19 AKTYÈL LA, GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE DIREKTIV ADISYONÈL YO POU PLAN PA FAZ POU RE-OUVRI NEW YORK

Anonse kreyasyon konsèy konsiltatif pou re-ouvèti New York

Konfime 3,110 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 295,106; gen nouvo ka nan 44 Konte

Nan mitan pandemi COVID-19 aktyèl la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante jodi a direktiv adisyonèl yo pou plan pa faz pou re-ouvri New York sou yon baz rejyonal. Chak rejyon eta a - Rejyon Kapital, New York Santral, Finger Lakes, Mid-Hudson Valley, Mohawk Valley, Vil New York, North Country, Long Island, Southern Tier ak Lwès New York - dwe swiv direktiv sa yo nan kad plan re-ouvèti a.

1. **Direktiv CDC yo:** Sou baz rekòmandasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) yo, yon fwa ke rejyon an gen yon diminisyon pandan 14 jou nan pousantaj ospitalizasyon an, yo gendwa kòmanse yon re-ouvèti pa faz la.
2. **Endistri yo:** Biznis yo nan chak rejyon pral re-ouvri pa faz. Premye faz la pral gen ladan ouvèti fonksyon konstriksyon ak pwodiksyon ki pa gen gwo risk yo. Faz de a pral ouvri kèk endistri baze sou nivo priyorite ak risk yo. Biznis ki konsidere "pi esansyèl" yo avèk risk ki ba ladan yo pou gen enfeksyon nan espas travay la ak pou kliyan yo pral gen priyorite, answit ap gen lòt biznis ki konsidere "mwens esansyèl" yo oswa sila yo ki prezante plis risk pou pwopagasyon enfeksyon. Rejyon yo pa dwe ouvri espas atraksyon oswa biznis ki pral atire yon gwo kantite vizitè ki soti andeyò zòn lokal la.
3. **Prekosyon pou biznis:** Chak biznis ak endistri dwen gen yon plan pou pwoteje anplwaye ak konsomatè yo, rann espas fizik travay yo pi an sekirite ak egzekite pwosesis ki redui risk enfeksyon nan biznis lan.
4. **Ranfòse kapasite swen sante:** Pou kenbe plan re-ouvèti pa faz la, chak rejyon dwe gen omwen 30 pousan kabann lopital ak kabann ICU (Inite Swen Entansif) ki disponib apre operasyon opsyonèl yo reprann.
5. **Rejim tè:** Rejyon yo dwe aplike yon rejim tè ki priyorize moun ki gen sentòm yo ak moun ki te an kontak ak yon moun yo konnen ki te teste pozitif pou COVID epi reyalize tè souvan pou travayè ki nan premye liy ak ki esansyèl yo. Rejyon yo dwe kenbe yon kantite sit tè apwopriye pou akomode popilasyon yo epi dwe byen anonse ki kote ak kijan y ap teste moun yo. Rejyon an dwe itilize tou done ki kolekte yo pou swiv ak retrace pwopagasyon viris la.
6. **Sistèm trasaj:** Dwe gen omwen 30 trasè kontak pou chak 100,000 moun. Rejyon an dwe kontwole tou pousantaj enfeksyon rejyonal pandan plan re-ouvèti a.

7. **Sant izòlman yo:** Rejyon yo dwe prezante plan pou gen sal disponib pou moun ki teste pozitif pou COVID-19 epi ki pa gen mwayen pou izole tèt yo.
8. **Kowòdinasyon rejyonal:** Rejyon yo dwe kowòdone re-ouvèti lekòl, sistèm transpò, tès ak trasaj avèk rejyon ki ozalantou yo.
9. **Re-panse tele-medsin**
10. **Re-panse tele-edikasyon**
11. **Sal kontwòl rejyonal yo:** Chak rejyon dwe nonmen yon enstitisyon siveyans kòm sal kontwòl li pou kontwole endikatè rejyonal yo pandan re-ouvèti pa faz la, sa ki gen ladan kapasite lopital, pousantaj enfeksyon, pousantaj itilizasyon PPE epi biznis yo.
12. **Pwoteje ak respekte travayè esansyèl yo:** Rejyon yo dwe kontinye asire ke pwoteksyon yo anplas pou travayè esansyèl yo.

Gouvènè Cuomo te anonse tou kreyasyon Konsèy Konsiltatif pou Re-Ouvèti New York la pou ede gide estrateji re-ouvèti eta a. Se ansyen sekretè Gouvènè a, Steve Cohen ak Bill Mulrow, ki pral dirije konsèy konsiltatif la epi gen ladan plis pase 100 lidè biznis, sivik ak kominotè ki sòti nan plizyè endistri nan eta a. Yon lis manm konsèy konsiltatif la disponib isit la.

"Nou te vini ak yon plan pwogresif pou re-ouvri New York pou tout rejyon nan eta a ka gen menm modèl ouvèti lè nou kòmanse pwosesis sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou dwe entèlijan sou sa - emosyon yo pa ka dirije pwosesis re-ouvèti nou an - epi nou te jwenn pwèn done reyèl ke chak rejyon dwe kontwole lè yo kòmanse re-ouvri. Nou te kreye tou yon Konsèy Konsiltatif pou Re-ouvèti New York ki fèt ak lidè biznis, akademik, kominotè ak sivik ki sòti nan tout eta a pou ede gide pwosesis sa a ak asire biznis yo swiv direktiv nesèsè pou prezève sante piblik pandan n ap travay pou yon nouvo nòmal."

Finalman, Gouvènè a te konfime 3,110 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 295,106 ka konfime nan Eta New York. Nan total 295,106 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jwografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,009	30
Allegany	35	0
Broome	266	5
Cattaraugus	45	0
Cayuga	48	0
Chautauqua	30	0
Chemung	113	5
Chenango	95	0
Clinton	59	0
Columbia	154	8
Cortland	28	0
Delaware	59	1

Dutchess	2,817	24
Erie	3,089	68
Essex	26	2
Franklin	14	0
Fulton	66	4
Genesee	149	1
Greene	112	1
Hamilton	3	0
Herkimer	58	0
Jefferson	60	0
Lewis	9	0
Livingston	65	3
Madison	126	2
Monroe	1,371	40
Montgomery	49	2
Nassau	35,085	220
Niagara	386	8
NYC	162,338	1,849
Oneida	411	14
Onondaga	742	16
Ontario	90	4
Orange	8,374	136
Orleans	80	0
Oswego	63	2
Otsego	65	3
Putnam	932	7
Rensselaer	250	4
Rockland	11,453	87
Saratoga	343	7
Schenectady	469	12
Schoharie	38	3
Schuyler	7	0
Seneca	38	0
St. Lawrence	170	1
Steuben	210	1
Suffolk	32,724	254
Sullivan	769	21
Tioga	82	11

Tompkins	126	0
Ulster	1,230	11
Warren	150	3
Washington	131	1
Wayne	70	1
Westchester	28,245	238
Wyoming	63	0
Yates	17	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)